

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Undak usuk basa Sunda dilarapkeun dina rupa-rupa ragam basa, nya éta dina ragam basa loma, jeung ragam basa lemes (keur ka batur jeung keur sorangan). Basa loma dipaké lamun jalma kadua jeung jalma katilu tahapanana sahandapeun jalma kahiji, atawa ka babaturan nu geus loma pisan, sakapeung kecap loma téh dipaké pikeun nyarita di hareupeun balaréa. Basa lemes keur sorangan biasana dipaké pikeun jalma kahiji nu nyaritakeun kaayaan dirina ka jalma kadua (sasama/saluhureun), jeung waktu jalma kahiji nyaritakeun kaayaan jalma katilu (sasama) ka jalma kadua (saluhureun). Sedengkeun basa lemes keur ka batur biasana dipaké pikeun jalma kahiji nu nyarita ka jalma kadua (sasama/saluhureun) nyaritakeun kaayaan jalma kadua, jeung waktu jalma kahiji nyarita ka jalma kadua (sasama/saluhureun) nyaritakeun jalma katilu (sasama/saluhureun).

Patali jeung hasil panalungtik undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi, aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Dina surat pribadi anu dijieun ku siswa kelas VIII A SMP Kartika XIX-1 Bandung, kapanggih yén jumlah kecap undak usuk basa Sunda anu dipaké ku siswa dina nulis surat pribadi téh jumlah sakabéhna aya 633 kecap; nu kabagi jadi 90 kecap kecap loma (57 kecap nu larapanana merenah, jeung 33 kecap nu larapanana teu merenah); 342 kecap lemes keur ka batur (244 kecap nu larapanana merenah, jeung 98 kecap nu larapanana teu merenah); sarta 202 kecap lemes keur sorangan (157 kecap nu larapanana merenah, jeung 45 kecap nu larapanana teu merenah).

Tina hasil analisis data bisa dicindekkeun yén tina 20 siswa, 4 siswa kaasup kategori alus pisan (nya éta no: 1, 4, 5, jeung 8), 9 siswa kaasup kana kategori alus (nya éta no: 2, 7, 9, 11, 13, 14, 16, 17, jeung 19), 2 siswa kaasup kana kategori cukup (nya éta no: 3 jeung 6), 4 siswa kaasup kana kategori kurang (nya éta no: 10, 12, 15, jeung 20), 1 siswa kaasup kana kategori goréng (nya éta no: 20).

Jadi, surat anu teu *qualified* aya 25% (5 siswa), sésana 15 siswa nyumponan kana 60% ngawasa kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda, lamun diperséntasikeun aya 75%.

Satuluyna kamampuh siswa dina ngalarapkeun basa loma téh diperséntasikeun hasilna 63%, ari dina ngalarapkeun ragam basa lemes keur batur 71%, jeung basa lemes keur sorangan nepi ka 78%. Jadi kamampuh siswa dina ngalarapkeun basa lemes keur sorangan leuwih hadé ti batan ngalarapkeun basa loma jeung basa lemes keur batur. Kasalahan ngalarapkeun basa lemes keur sorangan leuwih saeutik ti batan kasalahan ngalarapkeun basa loma jeung basa lemes keur batur.

Kasalahan siswa dina ngalarapkeun basa loma nepi ka 37%, leuwih loba ti batan basa lemes keur batur 29% jeung basa lemes keur sorangan 22% kasalahan dina ngalarapkeun basa loma lolobana pahili jeung basa lmes keur ka batur atawa jeung basa lemes keur sorangan.

Kamampuh siswa kelas VIII A dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi meunang 72%. Dumasar kana patokan skala ngitung perséntase skala lima (Nurgiyantoro, 2001, kc. 399) 72% kaasup kana kategori C (Cukup). Ari kasalahanna aya 28%.

Dumasar kana hasil di luhur bisa katitén yén kamampuh siswa dina ngagunakeun basa loma kaasup kurang, kamampuh siswa dina ngagunakeun basa lemes keur batur kaasup cukup, ari kamampuh siswa dina ngagunakeun basa lemes keur sorangan kaasup alus.

## 5.2 Implikasi

Sabada geus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan Larapna Undak Usuk Basa Sunda dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII A SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung Taun Ajaran 2015-2016 ngahasilkeun implikasi panalungtikan ieu di handap.

- a. Miboga pangaweruh pikeun ngagunakeun UUBS dina nulis surat pribadi.
- b. Bisa ngabédakeun basa loma, basa lemes keur batur jeung basa lemes keur ka sorangan.
- c. Bisa nambahan pangaweruh kabasaan hususna dina UUBS nu dipaké sapopoé.

## 5.3 Saran

Dipakéna undak usuk basa Sunda dina komunikasi dipiharep masarakat Sunda hususna bisa silih hormat jeung silih ajénan dina kahirupan sapopoé. Ku kituna undak usuk basa Sunda leuwih hadé lamun diterapkeun ka budak tileuleutik kénéh ku kolotna jeung kulawarga (di imah). Salian ti kolot jeung kulawarga, guru ogé ngabogaan kawajiban pikeun nepikeun pangaweruh undak usuk basa Sunda (di sakola)

- a. Kolot (di imah)

Unggal kolot nu hususna urang Sunda, nu di imahna boga budak kudu méré conto ka budakna dina ngagunakeun undak usuk basa Sunda nu bener tur merenah ti mimiti budak diajar ngomong, da geuning lamun hal nu mimiti biasana sok jadi hiji panginget anu langgeng sanajan engkéna ngagunakeun bahasa nu séjén. Merenah di dieu tangtuna baé kudu ngagunakeun undak usuk basa Sunda nu payus sakumaha kuduna. Salian ti cara di luhur, kolot bisa ogé némbongkeun buku-buku bacaan nu bisa ngirut ati budak pikeun maca éta bacaan.

- b. Guru (di sakola)

Guru salaku gaganti kolot nu aya di sakola, anu ngokolakeun prosés diajar ngajar kudu méré motivasi ka siswa ngabiasakeun ngagunakeun undak usuk basa Sunda. Bisa ku jalan méré pancén anu kudu maké basa Sunda ka papada siswa, sangkan siswa bisa apal kana undak usuk basa Sunda.